KOMINIKE LAPRÈS

CISA lanse 21yèm anivèsè Mwa Konsyantizasyon Sibèsekirite

Mwa Konsyantizasyon Sibèsekirite 2024 Bay Resous ak Zouti pou Sekirize Mond Nou an epi kenbe Endividi, Biznis ak Òganizasyon yo rezistan a Atak Sibè.

WASHINGTON - Jodi a, Cybersecurity and Infrastructure Security Agency (CISA) te anonse lansman 21yèm Mwa Konsyantizasyon Sibèrsekirite a. Pandan tout mwa Oktòb, CISA ak National Cybersecurity Alliance (NCA) pral konsantre sou fason pou "Sekirize Mond nou an" lè yo edike piblik la sou fason pou rete an sekirite sou entènèt.

Oktòb sa a ak pandan tout ane a, CISA defi tout moun pou ede sekirize mond nou an nan adopte kat etap senp ke tout moun ka pran pou rete an sekirite sou entènèt:

- **Sèvi ak modpas solid** ki long, o aza, ak inik nan chak kont, epi sèvi ak yon **manadjè modpas** pou jenere yo epi pou konsève yo.
- **Aktive otantifikasyon miltifaktè** sou tout kont ki ofri li. Nou bezwen plis pase yon modpas sou kont ki pi enpòtan nou yo, tankou imel, medya sosyal, ak kont finansye.
- **Rekonèt epi rapòte èskrokri,** jan nou renmen di, panse anvan ou klike. Pran prekosyon ak imèl oswa tèks ou pa mande w oswa apèl ki mande w enfòmasyon pèsonèl, epi pa klike sou lyen oswa louvri atachman ki soti nan sous enkoni.
- **Mizajou lojisyèl.** An reyalite, pèmèt mizajou otomatik sou lojisyèl pou dènye plak sekirite yo kenbe aparèy nou konekte ak kontinyèlman ajou.

Anplis de sa, CISA te devlope konsèy pou odyans espesifik, tankou:

- Endividi ak fanmi: CISA ap mete aksan sou enpòtans pou sekirize kont pèsonèl yo, ofri konsèy sou sekirite aparèy pèsonèl, pratik navigasyon sou entènèt ki an sekirite, itilizasyon medya sosyal, ak pwoteksyon enfòmasyon pèsonèl sou Entènèt.
- Small and medium-sized businesses (SMB): SBM yo fè fas a defi inik, kidonk CISA ap travay pou ede yo Sekirize Mond nou nan ofri zouti ak resous ki ka ede ranfòse defans sibèsekirite SMB yo epi minimize risk pou vyolasyon done oswa sibè-atak, fè pa sèlman biznis nou yo, men kominote nou yo pi an sekirite.

CISA ankouraje tout moun pou yo eksplore resous yo sou sitwèb Mwa Konsyantizasyon Sibèrsekirite nou an, ki gen ladann yon bwat zouti, fèy konsèy, ak videyo anime.

###